

ACCESS CENTRAL MAIL CENTER  
P.O. BOX 1770  
OCALA FL 34478

**Avi pou Desizyon sou Dosye**  
Depatman Timoun ak Fanmi Leta  
Florid



April 4, 2023

Nimewo Dosye : 1397419024

Telefòn : (904) 485-9848

LISA D BROWNING  
10339 WOODLEY POINT RD  
JACKSONVILLE FL 32218

Chè Lisa D Browning,

Sa ki annapre se enfòmasyon ki konsène kalifikasyon ou.

### **Asistans Manje**

Nou **apwouve** aplikasyon ki gen dat April 03, 2023 pou jwenn **Asistans Manje**. Ou kalifye pou mwa ki nan lis anba a:

<b>Non</b>	<b>Apr, 2023</b>	<b>May, 2023 Thru September 30, 2023</b>
Lisa Browning	Eligible	Eligible
<b>Kantite Lajan Benefis</b>	\$262.00	\$281.00

Anvan peryòd kalifikasyon w lan fini, nou pral voye yon lèt pou fè w konnen kisa w dwe fè pou w toujou benefisyè Asistans Manje an. Pou w kapab toujou resevwa Asistans Manje, ou dwe fè yon revizyon anvan dat September 30, 2023. Ou kapab ale sou sit entènèt [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) lan pou w fè sa sou kont MyACCESS

Pou avantaj Asistans Manje yo, ou dwe fè konnen kilè, pandan peryòd sètifikasyon w lan, revni tout kay ou an chak mwa san taks poko sòti ladan l te depase limit revni kay ou an ki se \$1,473.00. Si w se yon ABAWD, ou dwe fè konnen si lè travay ou yo te diminye desann nan nivo 80 èdtan pa mwa. Ou dwe siyale chanjman sa nan espas 10 jou aprè fen mwa an.

Si sa rive ou pa siyale chanjman yo jan sa dwe fèt la, oswa si enfòmasyon ou bay yo pa kòrèk, sa kapab rive se ou ki ranbouse nenpòt avantaj ou te benefisyè san w pa t kalifye pou yo epi yo kapab trennen w lajistis pou fwod. Ou dwe siyale lòt chanjman yo ak sitiyasyon fanmi an (kay la) nan moman pwochen resètifikasyon w lan. Si ou gen aksè ak yon òdinatè, sa kapab rive ou siyale chanjman w yo anliy sou sit entènèt ACCESS Florida an [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida). Ou kapab siyale chanjman yo tou lè w rele Sant Apèl ACCESS Florida an gratis nan 1-850-300-4323 oswa nan yon mesaj imèl w ap voye bay adrès retou an ki nan pati anlè avi sa.

Si se premye fwa yo apwouve ou pou benefis manje oswa lajan kach, n ap voye Kat EBT ou pou pa lapòs. Si ou te resevwa benefis yo anvan epi si ou te genyen yon kat men ou te pèdi kat la oswa ou pa wè li, tanpri rele Sèvis Kliyan EBT nan nimewo 888-356-3281 pou mande yon kat ranplasman.

**Ale sou [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) epi mete ajou kont MyACCESS ou a. Ou ap bezwen nimewo dosye ou a, 1397419024, pou valide kont ou. Yon fwa ou fin valide kont ou, ou pral kapab wè kijan benefis ou yo ye, wè avi yo, renouvle benefis yo, mande benefis anplis, chanjman rapò ak telechaje dokiman mete sou sit la.**

### **Prensip Pwofesyonèl nan kad Asistans Manje**

Pwogram Asistans Manje an genyen prensip pwofesyonèl ki diferan ke kandida yo ap bezwen suiv pou yo benefisye avantaj asistans yo. Genyen prensip pwofesyonèl jeneral, prensip pwofesyonèl Anplwa ak Fòmasyon (Employment and Training, E&T) ak prensip pwofesyonèl pou Granmoun ki kapab Travay epi ki pa gen Moun sou Kont yo (Able-Bodied Adults Without Dependents, ABAWD). Li kapab nesèsè pou diferan moun ki nan kay ou yo respekte prensip pwofesyonèl ki diferan epi yo kapab menm bezwen respekte plis pase yon sèl prensip pwofesyonèl. Si ou pa respekte prensip pwofesyonèl sa yo, avantaj asistans manje w yo ap diminye oswa y ap anile yo.

### **Prensip Pwofesyonèl Jeneral Yo**

Ou dwe respekte prensip pwofesyonèl jeneral sa yo pou w kapab toujou benefisye avantaj asistans manje w yo:

- Asepte nenpòt òf travay ou resevwa, sof si gen yon rezon valab ki fè w pa kapab.
- Si w genyen yon travay deja, pa kite travay ou oswa chwazi travay mwens pase 30 èdtan chak semèn san yon rezon valab, tankou vin malad, sibi diskriminasyon oswa pa resevwa pèman salè w.
- Pale ak nou konsènan travay ou an epi ki kantite travay ou ap fè, oswa kapasite w genyen pou travay.
- Patisipe nan aktivite travay E&T yo si tout fwa nou te egzije w fè sa.

Kandida yo kapab pa gen pou yo respekte prensip pwofesyonèl jeneral sa yo si youn nan kondisyon ki pi ba yo (eksepsyon) aplikab ak sitiyasyon sa yo:

- Yo genyen mwens pase 16 lane oswa gen plis pase 59 lane;
- Yo genyen 16 oswa 17 lane epi ki ale lekòl a tan plen; ki pa yon chèf fanmi; oswa ki enskri nan yon fòmasyon sou anplwa omwen pou demi jounen;
- Y ap pran swen yon timoun ki gen mwens pase 6 lane oswa ap pran swen yon moun ki bezwen asistans pou kapab okipe tèt li;
- L ap deja ap travay pou omwen 30 èdtan nan yon semèn oswa ap touche \$217.50 oswa plis nan yon semèn.
- Li resevwa oswa aplike pou avantaj nan kad chomaj yo,
- Li p ap travay poutèt pwoblèm sante fizik oswa mantal,
- Li ale lekòl, inivèsite, oswa nan pwogram fòmasyon pandan omwen yon demi jounen,
- Li se moun ki respekte prensip pwofesyonèl pwogram Lajan Kach Tanporè (Temporary Cash Assistance, TCA) an, oswa
- Li ap patisipe nan pwogram lit kont abi dwòg ak alkòl la (Alkòlik oswa Itilizatè Sibstans Nakotik san non yo pa kalifye),

Moun ki nan kay ou yo kapab gen yon rezon valab pou yo pa respekte prensip pwofesyonèl jeneral yo. Rezon valab sa yo genyen ladan yo sitiyasyon ou pa kapab kontwòle, tankou maladi, oswa travay nan kondisyon ki pa rezonab. Ann gade kèk egzanp sou sa, menm si genyen plis toujou. Si w panse ou genyen yon egzanpsyon oswa ou genyen yon rezon valab pou sa, ou dwe fè nou konnen sa tousuit pandan w ap konekte sou kont MyACCESS ou an nan [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) epi klike sou "Report a Change [Siyale yon Chanjman]" oswa rele nan 850-300-4323. Si nou vin apwouve ke sitiyasyon w lan se yon eksepsyon oswa w gen yon rezon valab, p ap gen okenn chanjman nan avantaj ou yo.

---

## **Prensip pwofesyonèl sou Anplwa ak Fòmasyon (Employment and Training, E&T) yo**

Pwogram E&T an genyen nan tèt li yon gwoup sektè devlopman mendèv lokal ki rele CareerSource Florida e ki kapab ede w devlope kapasite epi jwenn travay. Moun yo mete nan pwogram E&T yo kapab nan obligasyon pou yo patisipe nan aktivite rechèch travay, fòmasyon sou travay, edikasyon debaz, fòmasyon pwofesyonèl, eksperyans travay, ak sèvis konsèyasyon anplwa ki sipèvize.

Ou pral resevwa yon lèt pa lapòs ki gen enfòmasyon sou kijan pou w patisipe. Ou dwe respekte prensip pwofesyonèl E&T sa yo pou w kapab toujou benefisye avantaj asistans manje w yo:

- Akonpli aktivite oryantasyon an ak evalyasyon an epi pwograme yon randevou ansanm ak manadjè dosye w la;
- Ale nan randevou an; si w pa kapab ale ladan l, ou dwe kontakte manadjè dosye w la;
- Travay ansanm ak manadjè dosye w la pou detèmine ki pwogram k ap pi bon pou ou;
- Fè aktivite pwogram yo chak mwa.

Si pwogram yo mete w ladan l lan pa yon bon chwa pou ou, ou dwe kontakte manadjè dosye w la.

Kandida yo kapab pa gen pou yo respekte prensip pwofesyonèl E&T sa yo si sityasyon yo an prezante yon eksepsyon nan kad prensip pwofesyonèl jeneral (ki afiche pi wo yo) oswa si youn nan kondisyon ki pi ba yo aplikab ak sityasyon an:

- Yo mete moun sa atè nan travay li pandan yon moman (tanporè);
- Moun sa ap viv nan yon distans ki plis pase 35 mil pa rapò ak yon sant rechèch travay ak fòmasyon sou travay;
- Moun sa se yon viktim vyolans nan kay ki vivan toujou;
- Moun sa ansent;
- Moun sa pa gen okenn sèvis gadri ki disponib pou timoun sòti nan laj 6 rive 11 lane, oswa
- Pou ABAWD yo ki ap travay pandan 80 èdtan chak mwa yo.

Si w te fè depans nan kad patisipasyon w nan pwogram E&T an, tankou transpò, ekipman pou sèvis gadri, oswa lòt bagay ki te obligatwa pou sityasyon an (tankou zouti, liv, inifòm), se nou ki gen pou peye depans sa yop pou w kapab patisipe nan pwogram lan. Si nou pa kapab peye pou depans sa yo, nou p ap oblije w patisipe nan aktivite travay E&T yo.

Moun ki nan kay ou yo kapab gen yon rezon valab pou yo pa respekte prensip pwofesyonèl E&T yo. Rezon valab sa yo genyen ladan yo sityasyon ou pa kapab kontwòle, tankou maladi, oswa travay nan kondisyon ki pa rezonab. Ann gad kèk egzanp sou sa, menm si genyen plis toujou. Si w panse ou genyen yon eksepsyon oswa ou genyen yon rezon valab pou sa, ou dwe fè nou konnen sa tousuit pandan w ap konekte sou kont MyACCESS ou an nan [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) epi klike sou "Report a Change [Siyale yon Chanjman]" oswa rele nan 850-300-4323. Si nou vin apwouve sityasyon w lan se yon eksepsyon oswa w gen yon rezon valab, p ap gen okenn chanjman nan avantaj ou yo.

## **Prensip Pwofesyonèl pou Granmoun ki Kapab Travay epi ki Pagen Moun sou Kont yo (Able-Bodied Adults Without Dependents, ABAWD)**

Lè yo di ABAWD, yo vle pale konsènan moun ki gen 18 rive 49 lane, ki p ap viv ak yon timoun ki gen mwens pase 18 lane, epi ki kapab travay fizikman epi mantalman. Si w pa respekte prensip pwofesyonèl ABAWD yo, ou ap sèlman kapab benefisye avantaj asistans manje pandan 3 mwa pou yon peryòd 3 lane. Peryòd twa (3) lane yo kòmanse sòti nan mwa janvyè rive nan mwa Desanm, pa egzanp, janvyè 2022 rive desanm 2024.

Pou w kapab toujou resevwa avantaj ou yo, ou dwe pase omwen 80 èdtan chak mwa ap fè youn oswa plis nan sa ki pi ba yo:

- W ap travay (sa gen ladan tou fè yon travay ki pa gen salè lajan ak travay volontè);
- W ap patisipe nan pwogram anplwa oswa kativite ki sanble ak sa nou te apwouve, oswa
- W ap travay epi ap patisipe an menm tan nan yon pwogram anplwa.

Si w pa respekte règ sa yo san okenn rezon valab pou pa fè sa, ou kapab pèdi avantaj asistans manje w yo. Si youn nan bagay sa yo aplike ak ou, ou dwe fè nou konnen sa tousuit pandan w ap konekte sou kont MyACCESS ou an nan [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) epi klike sou "Report a Change [Siyale yon Chanjman]" oswa rele nan 850-300-4323. Ou dwe siyale si travay ou diminye rive pi ba pase 80 èdtan chak mwa nan 10 jou oplita aprè fen mwa an.

Kandida yo kapab pa gen pou yo respekte prensip pwofesyonèl ABAWD sa yo si sitiyaasyon yo an prezante yon eksepsyon nan kad prensip pwofesyonèl jeneral yo (ki afiche pi wo yo) oswa si youn nan kondisyon ki pi ba yo aplike ak sitiyaasyon an:

- Li genyen mwens pase 18 lane oswa gen plis pase 49 lane;
- Li gen yon moun nan kay ou an ki gen mwens pase 18 lane;
- Li pa kapab travay poutèt rezon sante fizik oswa mantal, oswa
- Li ansent.

Moun ki nan kay ou yo kapab gen yon rezon valab pou yo pa respekte prensip pwofesyonèl ABAWD yo. Rezon valab sa yo genyen ladan yo sitiyaasyon ou pa kapab kontwole, tankou maladi oswa ijans nan kay. Ann gad kèk egzanp sou sa, menm si genyen plis toujou. Si w panse ou genyen yon egzanpsyon oswa ou genyen yon rezon valab pou sa, ou dwe fè nou konne sa tousuit pandan w ap konekte sou kont MyACCESS ou an nan [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) epi klike sou "Report a Change [Siyale yon Chanjman]" oswa rele nan 850-300-4323. Si nou vin apwouve sitiyaasyon w lan se yon eksepsyon oswa w gen yon rezon valab, p ap gen okenn chanjman nan avantaj ou yo.

Nou pral antre nan kalkil nou yo chak mwa antye kote ou te benefisye avantaj men w pa t respekte prensip pwofesyonèl ABAWD yo san rezon valab. Yon fwa nou rive kont twa (3) mwa antye, ou pral pèdi avantaj ou yo rive jis nan mwa janvye 2025. Si ou pèdi avantaj epi w kòmanse respekte prensip pwofesyonèl ABAWD yo, sa kapab rive w resevwa avantaj asistans manje w yo yon lòt fwa ankò. Epi tou, w kapab rejwenn avantaj ou yo si gen yon sitiyaasyon chanjman nan lavi w epi vin gen yon eksepsyon nan ka pa w la. Pa egzanp, ou vin gen yon timoun ki gen mwens pase 18 lane nan kay la kounyea.

### **Sanksyon nan kad Prensip Pwofesyonèl yo**

Si moun ki an chèf nan fanmi an pa respekte prensip pwofesyonèl jeneral oswa E&T yo, kapab genyen sanksyon ki pran kont tout fanmi an (kay la):

- Premye fwa w pa respekte règ sa yo epi san yon rezon valab, ou p ap kapab resevwa avantaj pandan yon (1) mwa.
- Dezyèm fwa w pa respekte règ sa yo, ou p ap kapab resevwa avantaj pandan twa (3) mwa.
- Twazyèm fwa an, epi si tout fwa w fè sa plizyè fwa ankò, ou p ap kapab jwenn avantaj pandan sis (6) mwa.
- Premyèman, ou dwe respekte prensip pwofesyonèl sa yo anvan w kapab benefisye avantaj asistans manje w yo ankò. Lòt moun ki nan kay la kapab aplike aprè peryòd sanksyon an si moun ki an chèf nan kay la toujou p ap respekte prensip pwofesyonèl yo.
- Si moun lan pa chèf fanmi an epi li pa respekte prensip pwofesyonèl yo, se sèlman avantaj moun sa ke yo ap anile pou peryòd tan ki afiche pi wo yo.

**Pou ou kapab genyen plis enfòmasyon sou opòtinite travay ak fòmasyon ki disponib nan zòn ou an, tanpri al gade nan: [www.employflorida.com](http://www.employflorida.com).**

---

---

## Sèvis DCF:

Pou enfòmasyon sou dosye ou an, ou kapab genyen aksè ak enfòmasyon pèsonèl rapid epi sekirite:

- gras ak Kont My ACCESS la nan [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida),
- resevwa mesaj imèl lè ou siyen nan Kont MyACCESS ou an, oswa
- rele Sant Apèl pou Kliyan ACCESS nan (850) 300-4DCF (4323).

**Odyans san Patipri:** Si ou pa dakò ak desizyon nou pran an, ou genyen dwa pou ou mande yon odyans devan yon konseye oditè nan gouvènman an. Fè yon avoka, yon manm fanmi ou, yon zanmi ou, oswa nenpòt moun ou chwazi reprezante ou nan odyans lan. Si ou vle yon odyans, ou dwe fè demann pou odyans lan alekri, pandan ou ap rele sant apèl la oswa vini nan yon biwo a nan peryòd 90 jou apre dat ki ekri nan antèt mesaj la. Si ou fè demann pou yon odyans anvan dat preyavi a, avantaj ou yo kapab kontinye egziste nan nivo yo te ye a jiskaske desizyon yo pran yon desizyon pou fè odyans la. Ou pral responsab pou reveye nenpòt avantaj si desizyon odyans la pa nan avantaj ou. Si ou bezwen enfòmasyon sou kijan pou jwenn sèvis legal gratis, ou kapab rele Sant Apèl pou Kliyan ACCESS nan Florida a gratis nan (850) 300-4DCF (4323) pou ou kapab jwenn yon lis òganizasyon ki legal nan zòn ou an oswa ou kapab vizite [www.floridalawhelp.org](http://www.floridalawhelp.org).

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou lòt sèvis ki kapab itil ou yo nan [www.dcf.state.fl.us/programs/access/](http://www.dcf.state.fl.us/programs/access/).

Ajans ki asosye ak kominote lokal la yo disponib pou ede ou aplike pou sèvis sila yo. Pou jwenn youn tou pre ou an, ale nan [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) anba opsyon "Find Us". Ou kapab fè rechèch sa pa kòd postal oswa peyi.

## Lòt enfòmasyon ki kapab ede you:

- Pou enskri oswa mete ajou lis elektoral yo, ou kapab vizite [www.registertovoteflorida.gov](http://www.registertovoteflorida.gov) oswa rele Sant Apèl pou Kliyan ACCESS nan (850) 300-4DCF (4323).
- Èske yo peye ou mwens pase \$59,187 nan lane 2022 an? Ou kapab kalifye pou yon Kredi Taks sou Revni jiska \$6,935. Pou plis enfòmasyon sou ki kote ou kapab jwenn asistans gratis pou taks nan zòn ou rete a, rele IRS la nan 1-800-829-1040.
- Epi tou ou kapab kalifye pou benefisye yon diskont sou fakti telefòn ou chak mwa gras ak Pwogram Asistans Lifeline la nan eta Florida a. Rele konpayi telefòn ou an oswa Komisyon Sèvis Piblik nan eta Florida a nan 1-800-342-3552 pou jwenn plis enfòmasyon.
- Si ou bezwen asistans gratis pou jwenn yon pansyon alimantè pou timoun, sipò medikal, konnen kilès ki papa yon timoun, oswa jwenn paran pitit ou an, rele Pwogram Ranfòsman Pansyon Alimantè pou Timoun la nan (850) 488-KIDS (5437).

Pou sèvis Relè 711 Florida oswa TTY, rele 1-800-955-8771.

## Règ ki pa diskriminasyon:

Enstitisyon sa a gen entèdiksyon pou pa pratike diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun soti, andikap moun, laj moun, si yon moun se fanm oswa gason, epi nan kèk ka akòz relijyon oswa konviksyon politik. Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture) entèdi tou diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun soti, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA alatèt oswa finanse. Moun andikape ki bezwen lòt kalite mwayen kominikasyon pou enfòmasyon sou pwogram (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt-odyo, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Depatman Timoun ak Fanmi, kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki difisil pou tande, oswa ki gen andikap pou pale ka kontakte USDA nan Sèvis Relè Federal nan nimewo (800) 877-8339. Answit, nou ka mete enfòmasyon sou pwogram nan disponib nan lang ki pa anglè. Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan pwogram nan, ranpli [Fòm Plent USDA pou Diskriminasyon](#), (AD-3027), ki sou entènèt sou sitwèb:

[http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html), epi nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese ba USDA epitou bay nan lèt la tout enfòmasyon nou mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòm plent lan, rele nimewo (866) 632-9992. Soumèt fòm ou ranpli a oswa lèt la ba USDA anvan dat: (1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture, Office of the Assistant Secretary for Civil Rights, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, D.C. 20250-9410, (2) faks: (202) 690-7442; oswa (3) imèl: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov). Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki konsène avèk pwoblèm nan Pwogram Èd Nitrisyon Siplèman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte nimewo Lij Dirèk USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki nan lang Panyòl tou, oswa yo ta dwe rele [Nimewo Enfòmasyon Leta/Lij Dirèk](#) (klike sou lyen an pou jwenn yon lis nimewo liy dirèk selon eta a); ou ka jwenn yo sou sitwèb:

[http://www.fns.usda.gov/snap/contact\\_info/hotlines.htm](http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm). Pou fè yon plent pou diskriminasyon konsènan yon pwogram ki resevwa èd lajan gouvènman federal la nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini [U.S. Department of Health and Human Services (HHS)], voye yon lèt ba: HHS Director, Office for Civil Rights, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele nimewo (202) 619-0403 (pou pale) oswa (800) 537-7697 (TTY). Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki bay opòtinite egalego pou tout moun.

If you have difficulty understanding English because you do not speak English or have a disability, please let us know. Free language assistance or other aids and services are available upon request. 850-300-4323

إذا واجهتك صعوبة في فهم اللغة الإنجليزية لأنك لا تتحدث الإنجليزية أو تعاني من إعاقة، يرجى إخبارنا. نتاح المساعدة اللغوية المجانية أو أي مساعدات وخدمات أخرى عند الطلب. 850-300-4323

Si vous avez des difficultés à comprendre l'anglais parce que vous ne parlez pas anglais ou en raison d'un handicap, veuillez nous en informer. Une assistance linguistique ou d'autres types d'aides et de services sont disponibles gratuitement sur demande. 850-300-4323

Wenn Sie Schwierigkeiten haben, Englisch zu verstehen, weil Sie die Sprache nicht kennen oder weil Sie eine Behinderung haben, lassen Sie uns dies bitte wissen. Kostenlose Sprachmittlung sowie andere Hilfsmittel und Leistungen sind auf Anfrage erhältlich. 850-300-4323

તમે અંગ્રેજી ન બોલતા હોવાના કારણે અથવા વિકલાંગતા હોવાના લીધે જો તમને અંગ્રેજી સમજવામાં સમસ્યા આવતી હોય તો , મહેરબાની કરીને અમને જણાવો. વિનંતી કરવા પર વિના મૂલ્યે ભાષાકીય મદદ અથવા અન્ય સહાય અને સેવાઓ ઉપલબ્ધ છે. 850-300-4323

Si ou gen difikilite pou konprann angle paske ou pa pale angle oswa ou gen yon andikap, tanpri di nou sa. Gen èd ak lang avèk lòt èd ak sèvis disponib depi ou mande. 850-300-4323

Hai problemi a capire l'inglese perché non parli la lingua o hai una disabilità? Mettiti in contatto con noi. Su richiesta, è possibile ricevere assistenza linguistica o altri servizi e tipi di supporto in maniera gratuita. 850-300-4323

영어를 할 줄 모르거나 장애 때문에 영어를 이해하기가 어려우시면 당국에 알려주십시오. 요청 시 무료 언어 지원 또는 기타 보조 도구 및 서비스를 이용하실 수 있습니다. 850-300-4323

Jeżeli masz trudności ze zrozumieniem języka angielskiego, ponieważ nie mówisz w tym języku lub jesteś osobą z niepełnosprawnością, prosimy o kontakt. Bezpłatna pomoc językowa, a także inne formy wsparcia są dostępne na życzenie. 850-300-4323

Se você tiver dificuldade para entender inglês porque não fala inglês ou tem uma deficiência, informe-nos disso. Um assistente de linguagem gratuito e outros auxílios e serviços estão disponíveis mediante solicitação. 850-300-4323

Если у вас есть трудности с пониманием английского языка, потому что вы не говорите на нем или являетесь лицом с ограниченными возможностями, дайте нам знать. Бесплатные услуги языковой поддержки или другая помощь доступны по запросу. 850-300-4323

Ukoliko imate poteškoće u razumevanju engleskog jezika, bilo zbog toga što ne govorite engleski jezik ili zbog hendikepa, obavestite nas o tome. Besplatna jezička podrška i druge vrste pomoći i usluga su dostupne na zahtev. 850-300-4323

Si tiene dificultades para entender el inglés porque no sabe el idioma o porque tiene una discapacidad, háganoslo saber. Puede solicitar ayuda con el idioma u otras ayudas y servicios gratuitos. 850-300-4323

Kung kayo ay may kahirapan sa pag-intindi ng Ingles dahil hindi kayo nagsasalita ng Ingles o kayo ay may kapansanan, mangyaring ipaalam sa amin. Maaaring humiling ng libreng tulong sa wika o iba pang mga tulong at serbisyo. 850-300-4323

หากมีปัญหากับการทำความเข้าใจภาษาอังกฤษเนื่องจากคุณไม่ได้สื่อสารภาษาอังกฤษหรือเป็นผู้พิการ

โปรดแจ้งให้เราทราบ บริการช่วยเหลือด้านภาษาหรือความช่วยเหลือและบริการอื่นๆ ตามต้องการโดยไม่เสียค่าใช้จ่าย 850-300-4323

如因不會說英文或罹患殘疾而無法理解英文，請告訴我們。收到申請後，我們會提供免費語言協助或者其他協助和服務。 850-300-4323

Nếu quý vị gặp khó khăn để hiểu tiếng Anh vì quý vị không nói tiếng Anh hay bị khuyết tật, vui lòng cho chúng tôi biết. Trợ giúp ngôn ngữ miễn phí hay các dịch vụ và hỗ trợ khác được cung cấp khi có yêu cầu. 850-300-4323